



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ESTRATEJI NAN TOUT ETA A POU FÈ FAS A KRIZ
LOJMAN NEW YORK LA EPI KONSTWI 800,000 NOUVO KAY**

***New York Housing Compact pral fikse sib lokal pou lojman, enkli patisipasyon
lokal pou atenn kwasans lojman nan chak kominote***

***Gen ladan pwopozisyon pou retire obstak pou apwobasyon yo, ogmante opòtinite
devlopman nan vil New York ak ankouraje konstriksyon***

***Plan an pral ranfòse pwovizyon lojman ki egziste deja epi ogmante sipò pou
lokatè ak mèt kay New York***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon estrateji nan tout eta a pou fè fas a kriz lojman New York la, konstwi 800,000 nouvo kay pandan pwochen deseni an pou satisfè mank istorik la, epi sipòte lokatè ak mèt kay New York yo nan kad Eta Leta 2023 a. New York Housing Compact (Kontra Lojman New York), yon estrateji konplè, ki gen plizyè pati, gen ladan egzijans patisipasyon lokal yo ak ankourajman pou atenn kwasans lojman nan chak kominote pou chak pati nan Eta a vin yon patnè nan rezoud kriz ijan sa a. Plan an pral egzije tou minisipalite ki gen estasyon tren MTA yo pou yo refè dekoupaj teritwa lokalman pou devlopman rezidansyèl ki gen pi gwo dansite.

"New York ap fè fas a yon kriz lojman ki mande aksyon odasye ak yon apwòch global", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Chak kominote nan New York dwe fè pati pa yo pou ankouraje kwasans lojman pou fè Eta nou an avanse epi kenbe ekonomi nou an solid. New York Housing Compact se yon plan global pou ankouraje chanjman ki nesèsè pou kreye plis lojman, satisfè demann k ap monte, epi fè eta nou an tounen yon kote ki pi ekitab, ki estab, ak abòdab pou nou viv".

Kounye a, Eta New York ap fè fas a yon kriz lojman grav, ki rive yon fwa nan yon jenerasyon. Dapre [Biwo Referans Popilasyon](#) an, plis pase mwatye nan lokatè New York yo gen fado lwaye k ap peze sou yo, sa vle di yo peye plis pase 30 pousan revni yo nan lwaye - dezyèm to ki pi wo nan nasyon an. Nan zòn metwo Vil New York la, lwaye yo te ogmante 30 pousan depi 2015 epi pri kay yo te ogmante 50 pousan pandan menm peryòd la. Andeyò Vil New York, lwaye yo te ogmante 40 a 60 pousan depi 2015 alòske pri kay yo te monte 50 a 80 pousan.

New York Housing Compact pral mande tout nivo gouvènman an pou yo fè fas a kriz aktyèl la.

Objektif pou lojman nan tout eta a

New York Housing Compact pral mande pou tout vil, lokalite, ak vilaj yo pou yo atenn nouvo objektif kreyasyon kay sou yon sik twa ane. Minisipalite yo nan sid eta a ke Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) ap sèvi kote bezwen lojman an pi grav, tankou Vil New York, pral gen yon objektif twa pousan nouvo kay sou twa ane. Pou minisipalite nan konte yo ki nan nò eta a, objektif nouvo kay yo pral yon pousan sou twa ane.

Dapre Kontra a, lokalite yo pral deside ki jan yo pi byen atenn objektif konstriksyon nouvo kay yo. Soti nan transfòmè pak biwo ak sant komèsyal ki pa byen itilize yo pou rive nan ofri nouvo ankourajman pou bilding plizyè fanmi, lokalite yo ka chwazi fason pou yo adapte estrateji yo pou ogmante rezèv lojman. Pou ankouraje enklizyon lojman abòdab kòm yon pati nan nouvo kwasans lan, yo pral bay inite abòdab yo plis pwa nan kalkile pwogrè lokal yo pou atenn objektif yo.

Lokal ki pa atenn objektif yo ka atenn estati Safe Harbor (refij) pou yon sik twa ane lè y ap mete an aplikasyon sèten bòn aksyon - oswa "Aksyon Prefere" - ki kreye kapasite dekoupanj teritwa pou atenn objektif kwasans yo.

Fon enfrastrikti ak planifikasyon

New York Housing Compact pral mete disponib yon Fon Enfrastrikti 250 milyon dola ak yon Fon Planifikasyon 20 milyon doa pou sipòte nouvo pwodiksyon lojman nan tout eta a. Minisipalite yo ka soumèt demann pou finansman planifikasyon pou antreprann swa redekoupanj teritwa pou devlopman ki oryante vè transpò komen yo oswa Aksyon Prefere pou ede yo atenn objektif kwasans yo. Plan an pral kreye tou yon nouvo Biwo Planifikasyon Lojman nan Biwo Kay ak Renouvèlman Kominote Eta New York pou bay minisipalite yo sipò ak konsèy.

Nouvo enterè sou devlopman ki oryante vè transpò komen

New York Housing Compact pral mande pou lokalite ki gen estasyon tren MTA dirije yo antreprann yon redekoupanj teritwa lokal oswa devlopman pou plizyè fanmi ki gen pi gwo dansite nan prèske yon kilomèt a estasyon an sof si yo deja satisfè nivo dansite a. Nan ogmante potansyèl lojman nan kominote sa yo ki oryante vè transpò komen, plis fanmi pral kapab jwi aksè amelyore nan travay ak kominote dirab k ap pwospere yo.

Fasilite apwobasyon lojman lè yo pa atenn objektif yo

Aprè 3 ane, nan lokalite ki pa satisfè objektif kwasans oswa ki pa pran mezi pou aplike Aksyon Prefere, devlopman lojman pwopoze ki satisfè kritè pri aksesibilite patikilye, men ki ka pa konfòm yo ak dekoupanj teritwa ki egziste deja, ka pwofite yon pwosesis apwobasyon lojman rapid si lokalite a refize pèmi a. Apèl la ka fèt bay yon nouvo Konsèy Eta pou Apwobasyon Lojman oswa atravè tribinal yo. Pwojè yo konteste yo pral apwouve sof si yon lokalite kapab demontre yon rezon valab nan zafè sante oswa sekirite pou refize aplikasyon an.

Minisipalite ki pa rive atenn objektif yo ka toujou pran Aksyon Prefere ak bòn fwa pou ankouraje devlopman pou yon lòt sik 3 ane kote pwosesis apwobasyon rapid la p ap aplike. Nan minisipalite kote pa gen demann sou mache a pou nouvo lojman pa pral gen okenn efè pratik si lokalite yo pa rive atenn objektif yo.

Retire obstak nan apwobasyon lojman

Pou akselere redekoupaj teritwa ak devlopman nouvo kay yo, yo pral enkli soulajman espesifik ki soti nan revizyon anviwònmantal la nan nouvo objektif pou kay yo ak popozisyon devlopman ki oryante vè transpò komen. Eta a pral kontinye egzèse garanti enpòtan ki anpeche domaj nan anviwònman an epi asire sante piblik rete yon pi gwo priyorite.

Bay Vil New York zouti vital pou ogmante lojman

Gouvènè Hochul te fè plizyè pwopozisyon pou lojman espesifik pou Vil New York pou fè fas a enpak gwo kriz lojman an nan senk minisipalite yo. Gouvènè a pral pwopoze anilasyon yon lwa eta ki demode ki mete restriksyon sou dansite maksimòm zòn rezidansyèl yo. Mezi sa a pral pèmèt Vil New York gen kapasite pou pèmèt yon devlopman rezidansyèl ki pi dans kote ofisyèl yo nan vil la konsidere sa apwopriye.

Gouvènè Hochul pral pwopoze tou lejislasyon pou elaji inivè bilding komèsyal ki elijib pou transfòmasyon pou itilizasyon rezidansyèl epi bay soulajman règlemantè ki nesèsè, sa ki fè anviwon 120 milyon pye kare adisyonèl fèk kalifye pou transfòmasyon.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul pral pwopoze akòde Vil New York otorite pou bay amnisti dapre lalwa lokal pou inite sousòl ki egziste yo ki satisfè nòm sante ak sekirite ke Vil la pral detèmine.

Ankourajman esansyèl pou konstwi ak reyabilite lojman

Gouvènè Hochul te devwale yon seri nouvo pwopozisyon pou ankouraje nouvo konstriksyon lojman ak reyabilitasyon lojman ki egziste deja. Sa gen ladan nouvo egzansyon fiskal sou pwopriyete pou ankouraje devlopman lojman revni melanje tou pre estasyon tren yo epi ankouraje lojman abòdab nan bilding komèsyal ki transfòme pou itilizasyon rezidansyèl nan Vil New York. Sa a gen ladan tou egzansyon fiskal sou pwopriyete ki ajou opsyon lokal yo ofri pou sipòte mèt kay ki bati Inite lojman Sipleman ak pou pwopriyete ki bezwen sipò pou fè sèten renovasyon nan Vil New York.

Pou sipòte devlopman lojman pou moun ki gen revni melanje andeyò Vil New York, Gouvènè Hochul pral mande Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York pou l mete 5 milyon dola disponib nan Kredi Enpo pou Lojman Eta a.

Gouvènè Hochul pral fè tou chanjman ki nesèsè pou asire ke lokalite kote nouvo devlopman lojman yo itilize akò peman nan plas enpo yo pa penalize nan kalkil limit enpo yo.

Gouvènè a pral travay ak Lejislati Eta a pou devlope yon siksesè pou pwogram egzansyon fiskal sou pwopriyete 421-a ki te ekspire ane pase a pou ankouraje pwodiksyon nouvo lojman pou lokasyon nan Vil New York.

Ranfòse rezèv lojman ki egziste nan New York

Gouvènè a te anonse lòt pwopozisyon pou ogmante rezèv Eta a nan lojman ki an sekirite, ki estab, konfòtab pou tout Nouyòkè yo.

Gouvènè Hochul pral pwopoze lejislasyon pou kreye yon pwogram ki baze sou modèl ki pwouve yo redwi radikalman risk ekspozisyon plon nan lojman pou lokasyon andeyò Vil New York, ki sible zòn ki klase kòm "gwo risk" pou ekspozisyon plon ki baze sou ensidans nivo plon ki wo nan san timoun. Sa pral mande pou inite lwaye pou plizyè fanmi nan zòn sa yo ki te konstwi anvan ane 1980 yo sibi yon evalyasyon risk plon chak twa ane - si yo jwenn danje plon, pwopriyete a pral oblije repare inite lojman an. Pral genyen sibvansyon pou pwopriyete ki elijib yo pou ede yo kouvri depans evalyasyon sa yo ak rezoud danje yo idantifye yo.

Gouvènè a pral pwopoze tou lejislasyon ki pral mete ajou lwa ki egziste deja a ki pèmèt gouvènman lokal yo pran posèsyon sèten pwopriyete danjere ki abandone. Lejislasyon sa a pral ede lokalite yo diminye risk sante piblik yo, amelyore valè pwopriyete pou mèt kay vwazen yo, ogmante revni enpo sou pwopriyete yo, epi kreye nouvo opòtinite lojman.

Sipò pou lokatè ak mèt kay

Anplis pwopozisyon pou konstwi nouvo kay, Gouvènè Hochul te devwale de nouvo pwopozisyon pou fè fas a enpak kriz lojman an sou lokatè ak mèt kay New York aktyèl yo. Gouvènè Hochul pral pwopoze yon inisyativ sible, ki baze sou Pwogram Asistans pou Pwopriyete Kay nan Lès Buffalo, pou finanse reparasyon kay nan kominote yo nan tout eta a ke yo te idantifye kòm pwopriyete koulè ki gen anpil revni ak detrès mèt kay yo.

Gouvènè a pral pwopoze tou ogmante finansman pou Inite Pwoteksyon Lokatè Eta a, sa ki pèmèt yo louvri yon biwo satelit adisyonèl. Kapasite ogmante nan Inite a pral yon avantaj patikilye pou rezidan pak imobilye ki pre-fabrike epi yo pral amelyore aksè a sibvansyon ak prè ki disponib pou minisipalite yo pou lojman travayè agrikòl yo.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare,

"Gwo mank lojman New York la afekte tout kominote yo, gwo kou piti, nan zòn riral yo ak nan vil yo. New York Housing Compact Gouvènè Hochul la se yon estrateji ki laj epi ki anbisyè ki vize ogmante anpil pwodiksyon lojman atravè eta a nan yon fason ki benefisye klima nou an, ki akomode mendèv k ap grandi nou an, epi ki elaji aksè ekite nan opòtinite lojman bon kalite pou tout Nouyòkè yo. Aksyon sa yo pral asire ke kominote nou yo gen sipò yo bezwen pou yo atenn objektif kreyasyon lojman ak aplike estrateji kwasans entelijan ki pral finalman fè eta nou an tounen yon kote ki pi bon, ki pi enklizif ak pi bon mache pou viv".

Plan lojman 2022 Gouvènè Hochul la

New York Housing Compact pral konplete plan lojman global 25 milya dola Gouvènè a, ke yo te anonse nan diskou Eta sou Leta ane pase a, pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York, ki gen ladan 10,000 avèk sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418